

Yon Prensip Pwodiktivite Ambisyon



“Yon jennjan ki gen sajès mèt mayi li deyò pandan gen solèy, men se yon wont pou wè yon jennjan parese dòmi kite bon moman pase.” Pwovèb 10:5

By John E. Schrock

Souliyen konsèp kle ki nan prensip sa a.

Youn nan premye trèkaraktè moun ki gen siksè se ambisyon san limit yo. Òdinèman se demoun yo rekonèt kòm grantravayè, toujou enterese nan fè sa k dwe fèt. Palakòz ambisyon yo, yo kapab wè anpil opòtinite epi yo toujou mèt mayi yo seche pandan gen solèy. Yo konnen tan p ap fè solèy toulejou, donk yo pwofite avantaj lè yo jwenn yo. Moun ki genyen ambisyon p ap dòmi nan pi bon okazyon yo. Yo va leve bonè nan maten epi koumanse jounen ak yon bon atitid ak lapriyè. Genyen 3 fason pou mete enèji nan kò yon moun:

1. Jwenn epi peze sou bouton ki fè yo mache.
2. Pale yo de potansyèl yo.
3. Rekonpanse bon travay yo.

Enèji toujou swiv vizyon ak objektif epi li sanble li sanlimit lè se pou pwofi oswa reyalyasyon pèsònèl. Anvironnman sa a kreye opòtinite, epi opòtinite toujou rapòte lè se yon bi ki enspire yo.

Sepandan se sèlman moun ki genyen anpil enèji ki wè opòtinite yo. Donk yon jennjan ki gen sajès mete mayi l seche pandan genyen solèy, sa ki fè nou konnen li te deja genyen objektif pou li fè mayi moulen. Li te déjà yon travayè ki gen enèji, yon moun ki planifye, epi ki plen ambisyon. Li te sèlman ap tann tan a bon, ap tann solèy, oswa opòtinite.

Opòtinite pa nesèsman mache vin jwenn nou, nou dwe kreye yo. Pa genyen pèsòn ki va ofri opòtinite bay yon moun ki parese oswa ki p a pwodiktif paske yo konnen li p ap pwofite okazyon an. Yon moun dwe merite yon favè.

Li difisil pou fè yon moun yon favè lè w

konnen li p ap pwofite avantaj w ap bali. Nan espò nou tande jwè di kòm ekskiz, “Balon a p at rebondi nan direksyon nou.” Men lòt jwè yo prale deyè balon pou yo kapab si yo va kote li va rebondi (yo pa kanpe ap tann pas). Yo kreye opòtinite pandan yo ale deyè balon an. Gen demoun k a di w gen chans, men lòt va di « plis mwen pratike e plis mwen travay di, se plis chans mwen va genyen ».

Donk opòtinite vin jwenn moun ki travay di, ki gen ambisyon ak moun ki responsab epi ki genyen yon atitid positif. Yo konnen bagay yo pa rive poukont yo, yo mèt kò yo deyò pou fè yo rive. Yo ale deyè balon an. Yo konnen tou valè planifikasyon epi yo fè plan a mache. Yo genyen sajès epi yo konnen tan a limite e yo dwe dirije ak sajès. Gen yon pawòl tan lontan ki di konsa « si w bezwen yon travay fèt, mande moun ki déjà twò okipe an pou l fè li ».

Moun ki genyen ambisyon genyen yon fason yo panse ki pwodiktif epi yo wè opòtinite. Yo dekouvri yo. Atitid travay di epi pwodiktif kreye yon bezwen lakay yo pou yo fè plan epi òganize pou yo kapab zezi opòtinite a lè l parèt.

1. Nou dwe planifye travay nou.
2. Nou dwe limite oswa konte tan nou genyen.
3. Nou dwe reevalye tèt nou ak objektif nou toutan.

Lè yo fè sa yo jwenn pibon mwayen, pigwo posibilite ak opòtinite. Epi yo p ap rate moman opòtinite yo. Yo konsidere travay tankou yon opòtinite epi ap toujou genyen—moun ki vle toujou jwenn yon bagay pou yo fè. Sa rele opòtinite pou moun ki gen ambisyon. Jou nou pwodiktif fè nou santi nou byen men lè nou pèdi tan nou, nou santi nou initil. Donk fè plan pou travay di epi fè bagay yo mache. Sa va rapòte w gwo benefis ki kapab pi gwo opòtinite epi w va genyen enèji ak ambisyon pou reyalye objektif ou.

Prensip sa a fè pati pwogram yon lane devlopman karaktè:

Fondasyon pou Siksè.

Panse pou medite:

Sekrè pou genyen enèji se pou genyen yon objektif ou vle reyalye.

Evalye tèt ou de 1 a 10	1	2	3	4	5	6	7	8	9	10
Poukisa w bay tèt ou nòt sa a?										
Ki avantaj ou kapab jwenn lè w ogmante nòt ou?										
Ki aksyon espesifik ou kapab fè pou verifiye avantaj prensip sa a?										
Lis verifikasyon lekti w fè toulejou sou prensip sa a.	M	T	W	T	F	S	S			

Konplete

Pa konplete